

Contoh Pidato Bahasa Jawa

Assalamu'alaikum Wr Wb

Inggang kinormatan, bapak lan ibu guruu saha kanca

-

kanca ingkang tansah kula tresnani. Sepindah sumangga kula lan panjenengan sedoyo ngaturaken puji syukur maran g Gusti Allah ingkang mahaluhung lan tansah paring nikmat lan rahmat sahinggo kula lan panjenengan taksih saged golek ilmu, yaiku nindakaken sekolah. Kaping kalih, jumeneng kula wonten ngajenge panjenengan sedoyo minangka kagemngaturaken sesorah bab Sumpah Pemuda. Kula lan panjenenga mesti sampun sami mangertosi bilih tanggal 28 Oktober bangsa Indonesia mengeti dinten Sumpah Pemuda. Inggih menika salah sawijining prastawa skralingkang nuduhake marang kabeh wong bilih bangsa Indonesia bangsa ingkang anggadahisemangat berjuang, semangat nyawiji bhineka tunggal ika, semanta merdeka lan dadi bangsa ingkang ngadeg jejeg. Wondene isi Sumpah Pemuda inggih menika :

1. Kami putra dan putri Indonesia, mengaku berbangsa satu, bangsa Indonesia
2. Kami putra dan putri Indonesia, mengaku bertumpahdarah satu, tanah air Indonesia
3. Kami putra dan putri Indonesia, menjunjung tinggi bahasa persatuan, bahasa Indonesia

Isi sumpah lan janji menika wajib kita lestarekake lan diamalake kagem mujudake pengarep -arep cita-cita kamardikan urip makmur, adil lan sejahtera.

Yaiku minangka pelajar / murid, kita wajib semangat lan mepeng anggenipun sinau. Lan minangka pemuda (usia produktif) kita kedah semangat lan sregep anggenipun nyambutdamel ngsisi pembangunan bangsa.

Menika ingkang saged kula aturaken babagan Sumpah Pemuda. Ayo kita junjung tinggikaluhuran Sumpah Pemuda.

Santen parutan klapa

Cekap semanten atur kawula

Numpak sepur nggawa tali

Mbok bilih wonten klenta -klentunipun atur kula nyuwun agunging pangaksami

Wassalamu'alaikum Wr. Wb